



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 1/9/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

## **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LAVANT AK ITILIZASYON EKZANSYON ENPO POU PWODWI IJYÈN FEMININ YO AN VIGÈ KOUNYE A**

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jounen jodi an ke lavant ak itilizasyon ekzansyon enpo pou pwodwi ijyèn feminin yo konn vann nan Eta New York yo vin an vigè jounen jodi a. An Jiyè, Gouvènè Cuomo te siyen pwojè lwa (A.7555-A/S.7838) ki etabli ekzansyon sa.

“Elimie enpo ekzajere sa pou fanm yo se te yon kesyon jistis, epi mwen fyè poutèt mwen te siyen pwojè lwa sa pou ranje sa ki pa bon”, **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Ak lwa ki an vigè an, nou te fè yon lòt pa annavan pou rive genyen yon vil New York ki pi jis epi lwayal pou tout moun.”

Yo te mete enpo sou pwodwi ijyèn feminin yo depi lè yo te fèk entwodwi enpo lavant leta yo an 1965, menm lè yo te ekzante yon bann lòt pwodwi, tankou pwodwi pou rejim ak pwodwi kontrasepsyon familyal yo.

New York se yonn nan premye eta ki rantre nan mouvman pou ekzante enpo lavant sou pwodwi ijyèn feminin yo, ki espere fè fanm yo ekonomize lajan lè yo achte tanpon ak lòt pwodwi similè yo, yon montan yo estime ki se \$10 milyon dola chak ane.

Nan dat 1 Out, Depatman Enpo ak Finans Eta New York [te enfòmè](#) tout machann k’ap vann an detay yo ke ekzansyon sa pral an vigè apati 1 Septanm. Si gen nenpòt Nouyòkè ki kwè ke yo te fè yo peye enpo sa, yo ta dwe aplike pou yon ranbousman lè yo soumèt fòmilè [Form AU-11](#) ansanm ak bòdwo resi a bay Depatman Enpo an. Machann k’ap vann an detay yo ki gen kesyon sou ekzansyon sa kapab kontakte Depatman Enpo an ant 8:30 a.m. a 4:30 p.m. nan nimewo 518-485-1159.

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418